



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 5 fevriye 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PWOGRAM FÒMASYON YON KÒ PREPARASYON SITWAYEN NAN KONTE
ROCKLAND**

Objektif la se bay sitwayen zouti yo bezwen pou yo pare epi pou yo kapab ede fanmi yo ak vwazen yo nan sitiyasyon ijans

Gouvènè Cuomo: Nou bezwen pou gen plis Nouyòkè pase anvan ki pare ak fòme pou fè entèkansyon

Gouvènè Andre M. Cuomo jodi a te anonse Pwogram Fòmasyon Kò Preparasyon Sitwayen an pral fèt jou ki samdi 8 fevriye nan Konte Rockland. Pwogram lan, Gouvènè a te prezante nan Diskou sou Eta Eta a mwa pase a eki te lanse semèn pase a, ap chèche pou bay 100.000 Nouyòkè a peprè zouti ak resous yo bezwen pou yo pare pou ijans ak katastwòf, reyaji kòm sadwa ak retabli byen rapid otan yo kapab nan sitiyasyon anvan katastwòf la.

“Evenman move tan ap rive pi souvan epi yo pi grav, epi nou bezwen asire kominote nou yo pap fè fas ak danje, yo pare epi fòme pou yo fè entèkansyon,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pwogram Fòmasyon Kò Preparasyon Sitwayen an pral fòme 100.000 sitwayen a peprè pou ede yo bay èd enpòtan ak esansyèl nan pwòp kay yo oubyen nan pwòp kominote yo lè yon katastwòf frape.”

Samdi, 8 fevriye, 2014 – Konte Rockland

North Rockland High School – 10:00 A.M.

106 Hammond Rd, Thiells, New York, 10984

Plas yo limite, kidonk nou mande patisipan yo anrejistre alavans. Y ap jwenn anrejistremant alavans pou sesyon fòmasyon an nan: www.prepare.ny.gov. Gouvènè a ankouraje Nouyòkè vizite sit la – yon rezo dijital pou kominote Kò Preparasyon Sitwayen an kap ofri enfòmasyon sou fòmasyon adisyonèl, konsèy sou preparasyon dezaz, ak fason pou ofri konpetans ou kòm volontè nan ka yon dezaz.

Se Gad Nasyonal New York ki pral fè seyans fòmasyon yo, nan tèt ansanm ak espè ki soti nan Division of Homeland Security and Emergency Services' Office of Emergency Management and Office of Fire Prevention and Control. Tout seyans fòmasyon pral kowòdone ak pèsonel jesyon ijans konte lokal la.

Majò Jeneral Patrick Murphy, Adjidan Jeneral Divizyon Afè Militè ak Naval Eta New York, te di konsa, “Fi ak gason nan Lane New York ak Gad Nasyonal nan Lè a konprann valè preparasyon pou nenpòt ijans, paske manm aktif nou yo toujou la pou ede lè yon dezast frappe. Sòlda nou yo ak solda avyatè nou yo fyè paske yo fè pati efò gouvènè a pou pi byen prepare Nouyòkè yo pou jere inondasyon, siklòn, tònad, tanpèt nèj oswa kèlkeswa sa lanati kapab jete sou nou. Nou espere angaje konpatriyòt New York nou yo nan fòmasyon preparasyon ijans enpòtan sa a.”

Jerome M. Hauer, Komisyone, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans Eta New York te deklare, “Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li te pran yon apwòch dirèk ak aktif nan fòmasyon sitwayen pou nenpòt kalite dezast. Nan sitiyaasyon ijans oubyen gwo difikilte ki se lakòz yon katastwòf, se souvanfwa sitwayen nan kay yo oubyen nan blòk katye yo ki fè fas ak nesosite pou fè premye entèvansyon yo. Travay fòmasyon sa pral pi byen prepare yo pou kalite aktivite entèvansyon yo ta dwe angaje pou yo menm ak fanmi yo ak vwazen yo petèt.”

Klas fòmasyon an pral bay yon entwodiksyon nan entèvansyon pou dezast natirèl kretyen vivan pwovoke. Patisipan yo pral aprann kijan pou yo byen prepare pou nenpòt katastwòf, tankou devlopman yon plan ijans famiyal epi stokaj materyèl ijans. Yo pral pale plis sou bonjan kalite preparasyon nan kay ak ankourajman pou asire genyen nan kay la dektetè lafimen ak monoksid kabòn, ansanm ak estenktè, kap byen fonksyone. Fòmasyon yo pral bay enfòmasyon sou ki òganizasyon ki ka bay lòt sipò; kijan pou anrejistre pou NY-Alert, sistèm alèt ijans gratis nan tout eta a; epi kijan pou yo jwenn notifikasyon ki soti nan sous tankou Emergency Broadcast System. Patisipan yo pral ankouraje tou pou yo pi enplike nan aktivite ijans sou baz kominotè ki egziste deja ki ka òganize atravè lekòl, biznis oubyen òganizasyon kominotè lokal yo.

Yon eleman prensipal travay fòmasyon sa se distribisyon Twous Entèvansyon Kò Preparasyon Sitwayen an ki genyen atik enpòtan pou ede moun nan sitiyaasyon touswit apre yon dezast. Antanke yon moun, yon manm fanmi ak manm kominote yo li esansyèl pou sitwayen pran kèk mezi preliminè pou yo pare: kalite lavi yo ak moun yo renmen chita sou sa. Souvanfwa pandan yon ijans, elektrisite, chofaj, èkondisyon oubyen telefòn ka pa mache. Sitwayen yo ta dwe pare pou jere sitiyaasyon an yo menm pandan omwen 7-10 jou, petèt pi lontan. [Klike isit la pou wè foto twous la.](#)

Chak patisipan nan fòmasyon an (yon moun nan chak fanmi) pral resevwa yon Twous Entèvansyon Kò Preparasyon Sitwayen pou Kòmanse gratis, ki gen ladann:

- Rad plastik jetab
- Baton limine
- 2 pil D
- Twous Premye Swen

- Mask vizaj
- Linèt sekirite
- Ti radyo AM/FM ak pil
- 6 pak dlo potab
- 6 ba manje
- Flach nòm al
- Kouvèti ijans
- Riban adezif
- Gan travay
- Boutèy Dlo

Nan kad fòmasyon an, patisipan pral resevwa enfòmasyon sou lòt materyèl ak enfòmasyon pèsònèl yo dwe ajoute nan Twous Entèvansyon pèsònèl pa yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvel nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418